



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ENDISTRI KANABIS NOUYÒK LA KI PI FÒ PASE SA TE JANM YE KI DEPASE 1 MILYA DOLA NAN LAVANT AN DETAY

Endistri kanabis Eta Nouyòk atenn plis pase 1 milya dola nan lavant an detay, ki reflete kwasans solid ak konfyans konsomatè yo

Revni yo te ogmante plis pase 50% grasa lisans kanabis Nouyòk yo te bay aplikan ekite sosyal ak ekonomik, ki bay Biznis Minorite ak Fanm Posede yo otonomi

Plis pase 275 dispansè ki gen lisans ak 500 lisans pou pwodiksyon ak apwovizyonman yo kontribiye nan etap enpòtan istorik nan ekite kanabis

Divèsite pwodwi ak inovasyon akselere avèk 500 mak k ap kounye a sèvi mache a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ak fyète endistri kanabis Eta Nouyòk rive nan yon etap enpòtan istorik ki gen plis pase 1 milya dola nan lavant an detay. Reyalizasyon sa a reflete devouman antreprenè, konsomatè yo ak kominote yo ki te anbrase mache legal la epi ki te ede etabli Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan ekite ak inovasyon kanabis.

"Nan kòmansman ane sa a, administrasyon mwen an te pran mezi enpòtan yo pou ankouraje pwogrè ak opòtinite ekonomik nan endistri kanabis ki ap kòmanse Nouyòk, sa enkli siyen nouvo pouvwa ranfòsman lalwa ki te akselere fèmti magazen ki pa gen lisans epi, kòm rezilta, ranfòse mache legal nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Jodi a, nou rekonèt etap enpòtan 1 milya dola a kòm plis pase yon nimewo—se yon temwayaj nan travay di moun ki te ede konstwi endistri kanabis ki pi solid nan nasyon an: youn ki priyorize ekite, asire sekirite piblik, ak rann kominote yo otonòm."

Direktè Egzekitif Enterimè Biwo Jesyon Kanabis la, Felicia A. B. Reid, te deklare, "Etap sa a se yon temwayaj sou rezistans, travay di, ak inovasyon antreprenè kanabis atravè Nouyòk. Kòm 1 milya dola se yon nimewo enkwayab. An nou selebre moun, biznis, ak kominote nan kanabis ki alimante motè ekonomik eta nou an. Sètènman, moman sa a souliye fòs demann konsomatè pou kanabis reglemante—sa ki pi enpòtan, li montre byen fèm ke yon apwòch ekite sosyal ak ekonomik nan endistri pa opoze ak gwo kwasans ekonomik. Nouyòkè yo mete konfyans yo nan yon mache ki priyorize ekite—epi OCM rete angaje pou sipòte misyon sa a."

Endistri Kanabis Nouyòk te etabli estanda pou ekite an aksyon. Plis pase mwaye nan tout lisans pou adilt yo te ale jwenn aplikan Ekite Sosyal ak Ekonomik, avèk reprezantasyon enpòtan biznis minorite ak fanm yo posede. Reyalizasyon sa a vini nan yon moman kwasans remakab pou konsomasyon kanabis nan Nouyòk. Pandan deseni ki sot pase a, itilizasyon adilt yo te ogmante anpil, avèk 19 pousan Nouyòkè ki rapòte itilizasyon anyèl (+30 pousan) epi 12 pousan rapòte itilizasyon chak mwa (+43 pousan). Anplis de sa, 67 pousan nan konsomatè ki te itilize kanabis nan ane ki sot pase a rapòte yo te achte nan sous lavant an detay ki legal, sa ki reflekte konfyans k ap grandi nan mache reglemante a.

Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright te deklare, "Endistri kanabis Nouyòk la te fèt ak yon konsantrasyon sou ekite ak opòtinite, e akonplisman jodi a se prè ke apwòch nou an ap fonksyone. Lè nou bay aplikan Ekite Sosyal ak Ekonomik yo priyorite, n ap kreye yon mache ki ankouraje kominote yo epi ankouraje enpak ekonomik enpòtan atravè eta a. Revni taks ki te pwodwi pa mwayen endistri k ap pwospere sa a sipòte dirèkteman Pwogram Sibvansyon pou Re-establisman Kominotè nou an, pou asire ke kominote ki afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl akòz entèdiksyon kanabis resevwa establisman enpòtan. Sa a se sèlman kòmansman sa ki posib lè nou invest nan yon endistri enklizif ak byen reglemante."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Kòm antrenè Buffalo Bill la di, 'Fè pwosesis la konfyans.' Bagay yo pral kontinye amelyore epi yo pral rafine, men Biwo Jesyon Kanabis (OCM) Eta Nouyòk la te etabli yon fondasyon solid pou reyisit endistri kanabis li ki piti a. Felisitasyon bay anplwaye OCM, defansè yo, ak kolòn vètebral tout bagay, chèn apwovizyonman pou ti biznis kanabis Nouyòk, nan depase etap enpòtan sa a."

Anons sa a vini apre yon ane solid ak transfòmasyon pou kanabis Nouyòk, jan yo mete aksan sou Rapò Anyèl OCM ki fèk pibliye a. Rapò a mete aksan sou sa ki pi ba a:

Bilan 2024:

- Yo te bay plis pase 5,250 Lisans, Pèmi, ak Anrejistreman oswa apwouve tanporèman jiska dat nan ane fiskal 2023-2024 ak 2024-2025 Eta a
 - 221 lisans kiltivatè pou adilt
 - 292 lisans pwosèsè pou adilt
 - 569 lisans kondisyonèl dispansè vant an detay pou adilt
 - 448 lisans dispansè vant an detay pou adilt
 - 185 Lisans distribitè pou adilt
 - 272 lisans mikwobiznis pou adilt
 - 3,265 lisans ak pèmi chanv kanabinoyid
 - 17 òganizasyon ki anrejistre

- 269 dispansè ki vann an detay pou adilt ki ouvè pou biznis
- 54.1 pousan lisans pou adilt yo bay biznis ekite sosyal ak ekonomik yo
- 757.8-milyon dola nan lavant an detay pou granmoun yo an 2024 nan 30 novanm 2024
- 80.2 milyon dola nan revni taks, frè, ak amann nan ane fiskal 2023-2024 Eta a
- 67 milyon dola nan revni taks, frè, ak amann nan mitan ane fiskal 2024-2025 Eta a

EKITE + PATENARYA KOMINOTÈ + FÒMASYON

- OCM te kontinye sipò li pou aplikan ekite yo ak lisansye yo nan ane 2024 atravè pwogram li yo, ki gen ladan asistans pou aplikasyon SEE (Ekite Sosyal ak Ekonomik) nan Cannabis Hub and Incubator Program (CHIP), kolabore ak Founisè Asistans Teknik, CHIP Academy, ak Pwogram Akseleratè CAURD.
- Pou amelyore siyifikativman pwosesis lisans, ak amelyore transparans, OCM aplike yon modèl revizyon lisans yon sèl pwen kontak (SPOC).
- An patenarya ak Konsèy Konsiltatif Kanabis la, te louvri fennèt aplikasyon pou sibvansyon Pwogram Re-investisman Kominotè, ki pral investi nan katye ki istorikman te manke resous, defavorize ak gen twòp restriksyon.
- Nan mwa fevriye 2024, Gwoup Travay Veteran OCM te kreye pou sipòte, edike, ak bay resous ki gen rapò ak kanabis pou popilasyon veteran.
- An 2024, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a te fè 22 Fòmasyon Avanse sou Kondwi ak Kapasite Afebli sou Wout avèk sipò OCM, ki te fòme 797 ofisye yo nan konpetans ki nesèsè yo pou idantifye moun k ap kondui ak kapasite afebli.
- Anplis de sa, GTSC te òganize kat Lekòl Ekspè Rekonesans Dwòg (Drug Recognition Expert, DRE) avèk sipò OCM, ki te ajoute 60 ofisye DRE ki fèk sètifye nan fòs la epi ki te ogmante kantite Ofisye DRE ki aktif nan Eta Nouyòk a 445.

KANABIS MEDIKAL:

- Plis pase 100,000 pasyan anrejistre nan Pwogram Medikal Kanabis la
- Prèske 8,500 moun k ap bay swen ki anrejistre
- 4,454 founisè ki sètifye
- 21 dispansè medikal

- 11 dispansè ki nan menm lokalite yo pou itilize pou adilt ak medikal
- 3,550 lo pwodwi kanabis medikal yo teste nan laboratwa
- Kanpay kanabis medikal 2024 la te genyen plis pase 9.8 milyon enpresyon, plis pase 42,500 klik, e li te jenerere 1 milyon videyo yo wè

RANFÒSMAN:

- 1,300-enspeksyon ranfòsman fèt
- 450 bizinis yo mete anba kadna
- 7,666 kilogram (16,900 liv) pwodui ilegal yo sezi
- 68.5 milyon dola pwodui ki gen valè sa yo sezi
- 8,700 lo pwodwi kanabis pou adilt yo teste nan laboratwa
- 431 èdtan enspeksyon konfòmite sou teren

Estrateji Kanabis Nouyòk asire yon mache san danje epi jis pou ti biznis ak antreprenè atravè eta a. An kolaborasyon ak minisipalite lokal yo, OCM te fèmen plizyè santèn magazen ilegal atravè Nouyòk, sa ki lakòz sezi plis pase 7,257 kilogram (16,000 liv) pwodwi kanabis ki pa an sekirite. OCM te amelyore kapasite li pou l atake operatè ki pa gen lisans pandan l ap ankouraje relasyon solid ki benefisye alafwa endistri a ak kominote Nouyòk pandan kanabis sou mache a ap kontinye grandi. Nouyòk rete fèm nan angajman li pou ekite ak enklizyon.

Pou w aprann plis, li [Rapò Anyèl 2024](#) Biwo Jesyon Kanabis la, ki bay yon apèsi pwofon sou travay OCM te reyalize ane pase.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)